

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Metode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.1.1 Métode Panaluntikan**

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta derkriptif analitis.

###### **3.1.1.1 *Métode Deskriptif Analitik***

*Métode deskriptif analitik*, nya éta pamarekan nu mibada tahap gawé ngumpulkeun data hasil observasi sangkan diolah, dianalisis, pikeun téks nu implisit jadi leuwih eksplisit. Ieu pamarekan mibanda lima léngkah dina prakna panalungtikan, nya éta:

- 1) ngarumuskeun masalah;
- 2) nangtukeun warna informasi;
- 3) nangtukeun prosedur ngumpulkeun data;
- 4) nangtukeun prosedur ngolah data;
- 5) nyusun kacindekan tina panalungtikan.

Alesan tina ngagunakeun ieu pamarekan nya éta:

- 1) ngadéskripsikeun waruga jeung laratan naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*;
- 2) ngadéskripsikeun larapna pamarekan filologis dina *Silsilah Luluhur Ciamis*;
- 3) ngadéskripsikeun hasil analisis kana naskah *Silsilah Luluhur Ciamis*.

### **3.1.1.2 *Métode Landasan/Légger,***

*Métode Landasan/Légger* nya éta pamarekan nu dilarapkeun dina panalungtikan, nu mibada tujuan pikeun medalkeun édisi téks anu mibanda kaunggulan kualitas eusi téks dibanding téks naskah lianna nu sajajar, sanajan ngalakukeun *implasi teks*, tapi teu mangaruhun kualitas kaaslian téks.

### **3.1.1.3 *Kritik téks***

*Kritik téks*, nya éta pamarekan analisis nu dilarapkeun kana téks sacara komperatif linguistik, historis, jeung kultur antara téks naskah pikeun meunangkeun téks naskah asli, satulunya bisa dipedalkeun dina wongun édisi téks.

## **3.1.2. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku; 1) téhnik talaah pustaka, 2) téhnik wawancara, jeung 3) teknik analisis data.

### **3.1.2.1. Téhnik Telaah Pustaka**

Téhnik talaah pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara macaan sarta neuleuman téori-téori nu aya dina sumber bacaan. Hasil tina ieu teknik dilarapkeun pikeun mesék naskah sangkan kaguar eusina.

### **3.1.2.2. Téhnik Wawancara**

Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngalengkepan data ku cara ngayakeun wawancara, kalawan maké format wawancara ka para tokoh masarakat nu dianggap penting. Tujuan tina ieu téhnik, nya éta sangkan apal laratan naskah jeung deskripsi naskah dumasar pamadegan panyatur.

### 3.1.2.3. Tehnik Analisis Data

Instrumén panalungtikan, mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data anu kacida mangaruhanana kana hasil jeung henteuna panalungtikan. Sangkan instrumén bisa diandelkeun dina cara nyusunna, diantarana saperti ieu di handap.

- 1) Masalah anu ditalungtik kudu dijéntrékeun sangkan babari nangtukeun mana instrumén nu rék dipaké.
- 2) Data atawa informasi kudu leuwih tipeula dipikawanoh lantraran diperlukeun pikeun bahan tinimbangan dina prakna panalungtikan.
- 3) Instrumén kudu handal, boh kaobjéktivanana, kaajeganana, atawa kasohéhanana.
- 4) Warna data nu dipiharep dina instrumén kudu jéntré nepi ka bisa diirong cara nganalilsisna.
- 5) Gampang sarta praktis digunakeun, tapi bisa ngahasilkeun data anu jembar tur euyeub dina panalungtikan.

Dumasar kana péréléan diluhur, ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Daftar wawancara pikeun meunangkeun informasi jeung laratan naskah.
- 2) Sasét alat rékam (*recorder*) jeung alat tulis pikeun pangrojong kana kagiatan wawancara.
- 3) Sajumlahing pustaka pikeun meunangkeun informasi ngeunaan data jeung téori ieu panalungtikan.

- 4) Prosedur panalungtikan kritik téks kalawan maké alat bahan babandingan transliterasi jeung édisi téks.

### 3.2. Sumber Data

Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan, nya éta naskah *Silsilah Luluhur Ciamis (SLC)*. Naskah *SLC*, nya éta naskah Sunda anu kapaluruh di Kampung Pucuk Ibun, Desa Parakanmanggu, Kec. Parigi, Ciamis. Nu boga ieu naskah nya éta Nini Odah (55 taun), anjeunna meunang ieu naskah kawaris ti akina.

Naskah *SLC* kandel 66 kaca, nu diwengku ku 63 kaca téks naskah, jeung tilu kaca teu kapaké. Ukuran Naskah 21,7 cm x 18,3 cm, jeung ukuran téksna 18 cm x 14 cm. Naskah kaayaanana weweg tur eusina lengkep. Dina sakacana, aya 12 nepi ka 13 baris. Basa anu digunakeun dina ieu naskah, nya éta basa Sunda campur Jawa. Sedengkeun aksarana nu digunakeun, nya éta aksara Pegon. Wangun naskah ditulis dina wangun prosa, tur kaasup kana naskah babad. Sedengkeun eusina nyaritakeun ngeunaan sajarah, silsilah, jeung asal-muasal ngaran tempat nu aya di Ciamis umumna, hususna nu aya di Kac. Parigi, Cijulang, jeung Cigugur.